



**Around the Pond: Who's Been Here?**  
**Arebò yon basen dlo: kilès ki te la?**

William ak Cammi se frè ak sè. Yon jou yo al **pwomennen** a pye bò yon basen dlo ansanm ak chen yo a ki rele Sam. Yo t ap chache yon fwi ki pouse nan raje ki rele **mitil**. Manman te vle fè pate mitil pou dine pita.



Serf

Yo suiv yon ansyen chemen yon gwo bèt yo rele **sèrf** arebò basen dlo a. Ki kalite bèt ki rete bò basen dlo a? William ak Cammi ap chache siy ki pou fè yo konnen.

Yo wè mak pye tou pre yon **mous** ki mou. Yo mande: “Kiyès ki te la a?” Se te yon bebe **raton lavè**.

Yon bout bwa tonbe sou wout la rive nan dlo a. William gade nan dlo a li wè yon **anpwent**. Li mande: “Kiyès ki te janm la a?” Se te yon **pwason solèy**.




Pwason solèy

Yo te wè pil ti bwa ak labou arebò basen dlo a. Yo mande: “Kiyès ki



te la?” Sete yon **kasto**.

Yo jwenn kèk koki kraze akote dlo a. Mòso koki yo te mou. Yo mande: “Kiyès ki te la?” Se te yon **tòti**.



tòti



koulèv



koki

Yo wè po yon bèt glise tou long sou yon **branch**. Yo mande : “Kiyès ki te la a?” Se te yon **koulèv**.

Yo wè gwo plim gri ki ap flote nan dlo a. Yo mande: “Kiyès ki te la?” “Se te yon zwazo yo rele \*A Great Blue Heron (yon zwazo ki sanble ak yon flaman)

Cammi ak William wè de bokit plen **mitil**. Yo mande: “Kiyès ki te la a?” Fwa sa a, yo konnen kiyès ! Se manman ak papa yo ki te la.

Papa yo rele yo, li di: “Vin jwenn nou”. Se konsa Cammi ak William antre nan dlo a, epi y al naje jwenn manman ak papa yo.



Blue heron (flaman)



naje

## Aktivite

### Mwen konprann tèks la

1. Ki sa yo te fè pou yo jwenn basen dlo a?
2. Nonmen tout non bèt ki nan istwa a?

3. Ki moun yo finalman jwenn bò dlo?

**Skill Focus: Comprehension**

**Klasifye**

Ede elèv yo pou yo klasifye bèt nan istwa a an twa kategori nan yon chat parèy ak sa a:

\*Ki kategori bèt Cammy ak William te jwenn nan basen dlo an?

<u>Bèt ki gen 4 pye</u>	<u>Bèt ki gen 2 pye</u>	<u>Bèt ki pa gen pye</u>

**Kategorize Mo: (Non): yon moun, yon kote, yon bagay**

-Retounen nan rezime a epi mande elèv yo pou yo chèche mo nan istwa a ki **non moun, bagay, ak kote**.

- Eksplike yo mo sa yo se **NON** oubyen mo ki di w non. Prepare sou tablo a yon kat ak twa kolòn, yon pou chak kategori yo: **moun, bagay, kote**.

-Fè elèv yo di w non nan istwa a ki ale nan chak kategori sa yo. Lè nou fini mete elèv yo nan twa gwoup epi bay chak gwoup yon kategori. Mande gwoup yo pou yo fè desin ak ekri mo yo jwenn anba kategori pa yo.

Moun	Bagay	Kote
Kami Wilyam Manman Papa	Ze kraze Koki....	Nan labou Arebò dlo a Sou yon branch....

Diskite eleman reyalyte nan istwa ki pa te rive toutbon.

- Moun ak evènman nan istwa a menm jan ak sa timoun ta kapab fè toutbon, menmsi otè a kreye pèsònaj sa yo.
- Pèsònaj nan istwa a sanble, pale, ajì, epi gen santiman menm jan ak moun toutbon epi yo fè eksperyans menm jan tou.

- Mande elèv yo pou pataje kouman yo ede paran yo prepare manje lakay yo. Mande yo eksplike santiman timoun yo nan istwa a lè paran yo te bay yo yon travay yo pou fè.
- Fè elèv yo wè timoun yo ak kote istwa a ap pase sanble ak vrè moun, ak yon kote ki vre toutbon.

### **Panse sou Istwa a**

- Cammi ak William se bon detektif lanati. Ki sa ki fè yon moun yon bon detektif lanati?
- Kouman istwa sa ta diferan si li te rive pandan sezon ivè?
- Kouman bèt nan istwa a menm?
- Di ki bèt ki ap viv arebò dlo a, ak ki bèt ki ap viv nan basen dlo a.
- Konpare/Kontras: Konpare Sam, chen an nan istwa sa a ak Modj. Kijan yo menm?

### **Skill Focus: Phonics**

In ESOL class the teacher is covering these skills: Double final consonants. As you know in Haitian Creole we do not have such phonic. But point it out to them word like: *puff, hill grass, spell, mess, etc.* that you only say one sound for the double consonant at the end of a word.

**VCCV Pattern**: Tell children that they see a long word with double consonants in the middle, they should break the word apart after the consonant stands for just one sound.

Example (*yell/ow – butt/ons –jack/et –*

\*Ask children where to break the word into syllables.

Rabbit	gallon
Pillow	lesson
Attic	traffic

### **Ekriti**

Dekri yon bèt ki nan istwa a? Itilize adjektif pou dekri kijan bèt sa ye?

rivaj	trou	edge	moss
chemen	Pa fon	containers	dangles
tòti	Pil branch bwa	squishy	mussel
ekirèy	chipmunks	blueberry bush	pond
Mache nan dlo	dòk	Flè "swamp Azalea"	ete

